# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

एक राष्ट्र एक चुनाव से जुड़ल दुइ विधेयक के सोम्मार के लोकसभा में पेस कइल जाई। केन्द्रीय विधि मंत्री अर्जनराम मेघवाल एहसे जुड़ल एक सौ ओन्तीसवां संविधान संसोधन विधेयक अउर केन्द्रसासित क्षेत्र संसोधन विधेयक लोकसभा में पेस करिहें। पूर्व राष्ट्रपति रामनाथ कोविंद के अध्यक्षता में गठित उच्चस्तरीय समिति **एक राष्ट्र एक चुनाव** विधेयक के पेस भइले से पहिले राजनीतिक दलन अउर बिसेसज्ञन के सथहीं सज्जो हितधारकन के साथे पुरहर बिचार–बिमर्स कइले हवे। ई विधेयक पास भइले पर **एक राष्ट्र एक चुनाव** क सिद्धांत दुइ फेरा में लागू कइल जाई। पहिला फेरा में लोकसभा अउर विधानसभा क चुनाव एक साथे करावल जाई जबकि पंचायत अउर नगर पालिका जइसन स्थानीय निकायन क चुनाव आम चुनाव के सौ दिन के भित्तर करावल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के संजय गांधी स्नातकोत्तर आयुर्विज्ञान संस्थान–एसजीपीजीआईएमएस क एकतालीसवां स्थापना दिवस समारोह में आजु हिस्सा लिहलें। उहां के संस्थान क उत्कृस्ट कार करे वाले लोगिन के वार्षिक अउर अनुसंधान पुरस्कार दे के सम्मानित कइलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि विकसित भारत क लक्ष्य के पावे बदे स्वस्थ भारत जरूरी हौ। उनकर सरकार एक बरिस में अठारह मेडिकल कॉलेज खेलि रहलि हौ। श्री योगी कहलें कि आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस क उपयोग मेडिकल क्षेत्र के अउरियो बेहतर बनवले के दिसा में करे बदे एगो बड़हन केन्द्र के तौर पर एसजीपीजीआईएमएस के आगे बढ़ावल हौ। येह मौका पर प्रदेस क उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठको मौजूद रहलें।

**********

बनारस के काशी हिन्दू विश्वविद्यालय क एक सौ चउथा दीक्षांत समारोह आजु धूमधाम से मनावल गइल। येह मौका पर तीस विद्यार्थियन के स्वर्ण पदक अउर उपाधि दे के सम्मानित कइल गइल। कार्यक्रम क मुख्य अतिथि अउर विश्वविद्यालय क पूर्व छात्र अउर जेड स्केलर क मुख्य कार्यकारी अधिकारी जय चौधरी येह मौका पर आपन अनुभव विद्यार्थियन से साझा कइलें। उहां के कहलीं कि सिक्षा के साथे बुनियादी सहजोगो जरूरी हौ, येह बाति क सज्जो विद्यार्थी लोगिन के धियान रक्खे के चाही। कार्यक्रम में विश्वविद्यालय क कुलपति सुधीर जैन के साथे कई गो अउरियो जानल–मानल लोगि अउर सिक्षक मौजूद रहलें।

**********

भारतीय रिजर्व बैंक बिना जमानति के कृषि ऋण क सीमा एक लाख साठि हजार से बढ़ा के दुइ लाख रूपिया कइले क फैसिला कइले हौ। ई फैसिला अगिला बरिस पहिली जनौरी से परभावी होई। रिजर्व बैंक के येह फैसिला क उद्देस्य किसानन के बेहतर वित्तीय सुविधा दीहल हौ। ई कदम खास तौर से छोटहन अउर सीमांत किसानन बदे ऋण क पहुंच के बढ़ावल देई। सथहीं, किसान क्रेडिट कार्ड ऋण क मांगो बढ़ी, जेहसे किसान, कृषि कार में निवेस अउर अपने आजीविका में सुधार कइ सकिहें।

**********

महाकुंभ के दौरान प्रयागराज आवे वाले सरधालुअन क सुरक्षा बदे बनारसो में पुरहर इंतिजाम कइल जा रहल हौ। राजकीय रेलवे पुलिस बनारस परिक्षेत्र क उप महानिरीक्षक राहुल राज बनारस कैंट रेलवे स्टेसन पहुंचि के आजु तइयारियन क जायजा लिहलें। येह सम्बन्ध में उहां के अधिकारियन के साथे समीक्षा कइठकियो कइलीं। संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि महाकुंभ के दौरान बनारस में ट्रेन से ढेरि संख्या में सरधालु आवे लें। उनकर सुरक्षा बदे राजकीय रेलवे पुलिस पुरहर तरीका से तइयार हौ। उहां के बतवलीं कि प्लेटफारम पर डॉग स्क्वायड के साथे पुलिस टीमि कउनहूं स्थिति से निपटे बदे मुस्तैद रही। मुगलसराय के पंडित दीनदयाल उपाध्याय रेलवे स्टेसनों पर पीएसी क एगो अतिरिक्त कम्पनी तैनात कइल जाई।

**********

पूर्व प्रधानमंत्री, भारत रत्न स्वर्गीय अटल बिहारी वाजपेई के जन्मसती बरिस के उपलक्ष्य में आजु से लखनऊ में खेल महोत्सव के दुसरका संस्करण क सुरूआति भइल। क्रीडा भारत के ओरि से हो रहल येह आयोजन के कड़ी में लखनऊ क दस नब्बे चौराहा पर अटल रन क आयोजन कइल गइल। एहमें ढेरि संख्या में नौजवान हिस्सा लिहलें। खेल महोत्सव क उद्घाटन करत प्रदेस क उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक कहलें कि अटल रन अउर महोत्सव के दौरान होखे वाली प्रतियोगिता से सारीरिक अउर मानसिक स्वास्थ्य के साथे–साथे नौजवान देस अउर समाज क सेवा में सबसे आगे रहले क प्रेरणा मिली। येह मौका पर भाजपा नेता नीरज सिंहो मौजूद रहलें।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, बस्ती, श्रावस्ती अउर आजमगढ़ मण्डलन के कई जिलन के सथहीं प्रदेस के कुछु जिलन में बिहनहूं सितलहरी जारी रही। सथहीं देर राति अउर भिन्नहीं के समय हल्लुक से ले के मध्यम कुहेसो छवले रही। मौसम विज्ञान विभाग के ओरि से जारी एडवाइजरी के मोताबिक सोरह दिसम्बर के गोरखुपर, संतकबीरनगर अउर बस्ती जिलन के अलावा पच्छिमी उत्तर प्रदेस के आधा दरजन से बेसी जिलन में सितलहरी क असर रही। ओहीं, सतरह दिसम्बर के गोरखुपर, बस्ती, आजमगढ़ अउर देवीपाटन मण्डल के जिलन के सथहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेस के एक दरजन से बेसी जिलन में राति अउर भिन्नहीं के समय कुहेसा छवले रही।

**********